# Нобэ Къурмэн махуэ лъапIэщ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№81 (24.363) • 2022 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## Республикэм и Iэтащхьэм и махуэшхуэ хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм Къурмэн махуэшхуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу.

А пIалъэ лъапIэр лIэщIыгъуэ Iэджэ лъандэрэ къокIуэкI диныр зыIыгъхэр ислъамым и фIыгъуэхэм яхуиущийуэ, гущIэгъум, захуагъэм, фIэщхъуныгъэм къыхуриджэу, псапэмрэ къабзагъэмрэ я псэр хуигъэушэу. Ислъамым, ди къэралым ис адрей лъэпкъхэм яIыгъ динхэм яхэлъ апхуэдэ гурыщIэ лъагэхэр зэгурыIуэныгъэм, жылагъуэ зэакъылэгъуныгъэм, Урысейм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм толажьэ икIи ар къэралым и къарумрэ ефIэкIуэныгъэмрэ я лъабжьэу сытым дежи щытщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэр ди жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтщ. Дэ пщIэшхуэ худощI ди зэхущытыкIэхэр гъэтэмэмыным, цIыхубэм я зэакъылэгъуныгъэр зэтегъэувэным, ди республикэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъыным хуэгъэзауэ абыхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхъу узыншагъэ, фIыгъуэ, зыужьыныгъэ яIэну, ирагъажьэ IуэхуфI псори къехъулIэну.

## ГущIэгъумрэ хьэлэлагъымрэ

Бисмиллахьи Ррэхьмани Ррэхьим!

ФIыщIэр ейщ Алыхьу дунейхэм я тепщэм! Алыхьым и хъуэхъумрэ и фIэхъусымрэ лъыус Мухьэммэд Бегъымбарым, абы и унагъуэм, и гъусахэм, гу къабзэкIэ и ужь иувахэм Къемэт махуэр къэсыху!

Си къуэшхэ! Си шыпхъухэ! КъБР-м и Дин IуэхущIапIэми си щхьэми къыдбгъэдэкIыу, Ислъамым нэхъ лъапIэ дыдэу хэт, адрей махуэшхуэ псоми яхиIэтыкI Къурмэн ЛъапIэмкIэ (Хьидул Iэдхьа) гурэ псэкIэ сынывохъуэхъу!

Нобэ мелуан бжыгъэкIэ Мэккэ лъапIэм щызэхуэса ди динэгъухэм ягъэзащIэ дэтхэнэ зы муслъымэнми къытехуэ Хьэж ЛъапIэр. Алыхьым и фIыгъуэмрэ и арэзыныгъэмрэ щыгугъыу, ахэр хэтщ илъэс мин бжыгъэ ипэкIэ зэтеува, ди япэ ита цIыхушхуэхэм ягъэзащIэу щыта дауэдапщэхэм: зи гъащIэр фIэщхъуныгъэ куум, Алыхьым гу къабзэкIэ бгъэдэтыным, тхьэшынагъэм, Абы фIэкIа зыми щымыгугъыным и дамыгъэ хъуа бегъымбархэмрэ Алыхьым и лIыкIуэхэмрэ зыхэтахэм.

Апхуэдэ щапхъэ хъуащ Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа Ибрэхьим бегъымбарым и гъащIэри. Алыхьым хуэжыIэщIэу и къуэ закъуэр къурмэн ищIыну арэзы хъуа, лIэщIыгъуэхэм япхыкIа хабзэр - Алыхь Закъуэм къурмэн хуэщIыныр - къэзыублар. Ибрэхьим лъапIэм и зэманым щегъэжьауэ, фIэщхъуныгъэ зыбгъэдэлъхэр мы хабзэм тетщ, зыр адрейм гущIэгъум, гумащIагъэм, щабагъэмрэ хьэлэлагъымрэ къыхуриджэу.

Мы махуэшхуэм тегъэщIапIэ хуохъу муслъымэнхэри, чристэнхэри, журтхэри къызэщIэзыубыдэ тхыдэр. Абы дигу къегъэкIыж фIэщхъуныгъэ пэжым и лъабжьэхэр: лъагъуныгъэр, фIыщIэр, сытри уигу пыкIыныр, Алыхьым упикIуэтыныр - псоми я зэхуэдэ къалэнхэр.

Мы махуэшхуэм и фIыгъэкIэ дэ зыдогъасэ цIыхухэм гуапагъэ якIэлъызетхьэу, ди благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ дакIэлъокIуэ, дунейм ехыжахэр дигу къыдогъэкIыж, псэухэми дунейр зыбгынахэми фIыкIэ дахуолъаIуэ. Мы махуэхэм дэ нэхъ нэ лейкIэ доплъ тхьэмыщкIэхэм, зэрытхузэфIэкIкIэ дадэIэпыкъуну дыхэту.

Алыхьышхуэм дин псоми къалэн ящищIащ къурмэн укIыныр. Ауэ Ислъамырщ ар нэгъэса, къызэрымыкIуэ, хэIэтыкIа щыхъуари дунейпсо мыхьэнэ щигъуэтари. Ислъамым и къурмэныр жумартыгъэм, тхьэшынагъэм, Iиман куум, пэжым и хьэтыркIэ муслъымэныр и щхьэ зэребэкъуэфынум и дамыгъэ хъуащ. ЦIыхулъ ткIуэпс закъуи щIым зыщIифыныр Алыхьталэм зэрыфIэмыкъабылырщ абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэр.

Мы махуэшхуэм ипэ къихуэу дэтхэнэ зыми сохъуэхъу и мурадхэр къабзагъэм, и псэр - тхьэшынагъэм хуиунэтIын гъуэгур къыхихыну, ДыкъэзыгъэщIар игъэпэжу, Абы гурэ псэкIэ пэджэжыну, Алыхь закъуэм лъагъуныгъэрэ Iиман куукIэ бгъэдэтыфыну, Абы и къарум гъунэ зэримыIэр зыхищIэну.

Алыхьу Лъагэм солъэIу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм гущIэгъурэ фIыгъуэкIэ къетэну, дэтхэнэ зыри дин пэжым гурэ псэкIэ къекIуэлIэну. Мамырыгъэ, ехъулIэныгъэ, зэгурыIуэ, ефIэкIуэныгъэ фэри фи унагъуэхэми Алыхьым кърилъхьэ!

**ДЗАСЭЖЬ Хьэзрэталий**,
*КъБР-м и Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и унафэщI, муфтий.*






## Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я махуэмкIэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и цIыхухэм зэрехъуэхъур

ПщIэ зыхуэсщIхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэ! Си лъахэгъу лъапIэхэ!

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, ди къэралым бадзэуэгъуэм и 8-м щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я махуэр. Абы къэрал гулъытэ зэригъуэтам къегъэлъагъуэ унагъуэмрэ къыддекIуэкI лъапIэныгъэхэмрэ жылагъуэ узыншэ щыIэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр: уи унагъуэм, адэ лъапсэм, Хэкум яхуэпщI пщIэр, абыхэм илъ зэхуэпэжыныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэ щIэблэкIэрэ зэIэпахыу, сакъыу яхъумэу къызэрекIуэкIыр куэд и уасэщ. Жылагъуэр зэрызэхэт и Iыхьэ нэхъыщхьэу щыт унагъуэр хъумэныращ мыбдеж нэхъыщхьэр.

Ди Президентым мы зэманым ищI унафэхэм я нэхъыбапIэр, псом япэрауэ, зыхуэгъэзар бын зыпI унагъуэхэм защIэгъэкъуэнырщ. Абыхэм ягъуэт социальнэ дэIэпыкъуныгъэм зиужь икIи хэхъуэ зэпытщ. КъинэмыщIауэ, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, физкультурэмрэ спортымрэ, санаторэхэмрэ курортхэмрэ я Iэмалхэм, тыншу, зэпэщу упсэуным, гъащIэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми заужь, ефIакIуэ зэпытщ.

Унагъуэм илъ лъапIэныгъэхэр хъумэныр, нэхъыжьхэм пщIэ яхуэщIыныр, нэхъыщIэхэр лъагъуныгъэрэ гулъытэрэ щымыгъэщIэныр - ахэращ жылагъуэм лъабжьэ быдэ хуэхъур, ди республикэми къэралми ехъулIэныгъэ яIэу заужьыным я джэлэсыр.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу а махуэ дахэмкIэ, гуапэмкIэ! Дэтхэнэ унагъуэми узыншагъэ, хуабагъэ, насып, зэпэщыныгъэ илъыну!

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

# Унафэхэм хоплъэж

**КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ Мусуков Алий. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэхэу Къуныжь МуІэед, Хъубий Марат, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыІэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэ Мэкъуауэ Тимур сымэ.**

ЗЭІУЩІЭМ Іуэхугъуэ 15-м щІигъу щызэпкърахащ, зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ Правительствэм и Унафэ зыбжанэм я проектхэм.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Информационное общество» и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейм теухуа законым и проектыр утыку кърихьащ. Министрым къызэрыхигъэщамкІэ, ар зэпхар тхьэмахуэ къакІуэ «Моя провинция» къыхуеджэныгъэм щІэту, Телевизионнэ фильмхэмрэ нэтынхэмрэ я XXIII урысейпсо фестиваль, Радиом и XVI урысейпсо фестиваль, Прессэм и XVI урысейпсо фестиваль Налшык къалэ къызэрыщызэрагъэпэщынум, зэрыщрагъэкІуэкІынум текІуэдэну мылъкур кърыхагъэкІын хуейщи аращ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхэкІыу «КъБР-м и ШэсыпІэ фонд» мыкоммерцэ зэгухьэныгъэм субсидие етыным теухуауэ щыІэ правительствэ унафэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн зэрыхуейм и гугъу ищІащ Рахаевым. Ар ди республикэр мы гъэм «Производительность труда» лъэпкъ проектым зэрыхыхьам епха Іуэхущ. Республикэ мылъкум къыхэкІыу «КъБР-м и ШэсыпІэ фондым» сом мелуани 6,5-рэ хуаутІыпщынущ, лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэу къащхьэщыжыныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим** правительствэ зэІущІэм хэтхэм я пащхьэ кърихьащ цІыхухэм ядэІэпыкъуным пыщІа Іуэхугъуэ зыбжанэ. Ахэр КъБР-м и Іэтащхьэм ищІа унафэм тету, унагъуэ хуэмыщІахэмрэ Донбассым щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхахэм хэтхэм я унагъуэхэмрэ къэрал дэІэпыкъуныгъэ етыным епхащ. Асановым зи гугъу ищІа Іуэхугъуихри къызэдащтащ.

ЗэІущІэм и кІэухым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и фІыщІэ тхылъхэр иратащ мы махуэхэм зи илъэсищэр зыгъэлъэпІа Архив къулыкъущІапІэм и лэжьакІуэ пашэхэм. Абыхэм ехъуэхъуащ Мусуков Алий икІи къызэрызэрагъэпэщрэ зы лІэщІыгъуэ хъуа къэрал ІуэхущІапІэм ди республикэм ис лъэпкъхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, ди блэкІам теухуа дэфтэр, сурэт, тхыгъэ куэд зыхуей хуэзэу зэрыщахъумэр жиІащ.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**



# Пхъэщхьэмыщхьэр къехьэлІэжынымкІэ пэрытхэр

**Пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракІуэхэкІхэмрэ къехьэлІэжыным республикэм зэрыщыщІадзам теухуа тхыгъэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек телеграм-каналым щиІэ напэкІуэцІым иритхащ.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым мэракІуащхъуэр (голубикэр) къехьэлІэжын щыщІадзащ. А къэкІыгъэр зехьэным республикэм и мэкъумэшыщІэхэм зэрыщІадзэрэ куэд дэмыкІами, ерыскъыхэкІхэм я урысей рынокым абы щиІэ щІэупщІэм псынщІэу хохъуэ. Иджы ар Шэджэм, Аруан районхэм зыубгъуауэ щагъэкІ икІи хозяйствэ зэмылІэужьыгъуэхэм хасауэ щыта гектари 125-рэ хуэдизым нэгъабэ лъандэрэ аргуэру гектар 20 къахэхъуащ», - къыхигъэщхьэхукІащ республикэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракІуэхэмрэ къехьэлІэжынымкІэ иджыпсту къэралым щыпашэ щІыналъэищым ящыщщ.

Мы зэманым республикэм зыубгъуауэ къыщыпачыж мамкъутыр, хурэджэр, санэ, шэфталыр, пхъэгулъ зэмылІэужьыгъуэхэр. Балиймрэ балийІэрысэмрэ къыпычыжыныр къэблэгъащ, мэракІуэІэрысэри мы гъэм бэгъуащ. Псори зэхэту мэкъумэш организацэхэм, фермерхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм мы гъэм къерахьэлІэжа пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракІуэхэкІхэмрэ тонн минни 4,8-м нэблагъэ икІи ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ зыкъомкІэ нэхъыбэщ.

Мэкъумэшыщ1эхэм хадэхэкІхэри щІадзауэ кърахьэлІэж. Республикэм и консерв заводхэм горох щхъуантІэр, нащэр ирашалІэ, мыгувэу помидорхэри къыщІачыжу щІадзэнущ.

Прохладнэ районым и мэкъумэш предприятэхэм бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэр Іухыжын ирагъэжьащ. Фигу къэдгъэкІыжынщ нэгъабэ псори зэхэту гъавэу тонн мелуан 1,3-м нэблагъэ республикэм къызэрыщрахьэлІэжар,зэи къэмыхъуауэ, нартыху тонн мелуаным щІигъу къызэрыдачар. «Мы гъэми ди гъавэр бэву щытыну дыщогугъ», - къыщыгъэлъэгъуащ щІыналъэм и Іэтащхьэм и тхыгъэм.



# Гъэшхэк1хэм къахэхъуэнущ



**Налшык гъэш комбинатыр зэман гъунэгъум иужь ихьэнущ гъэшыр къыщыІах Іуэху-щІапІэщІэ иухуэным. Абы Іэмал къаритынущ шэуэ зы жэщ-махуэм къыщІагъэкІ тонн 350-р тонн 900-м нагъэсыну.**

1998 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыта мы ІуэхущІапІэр ноби щыпашэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Абы цехи 10-м щІигъу иІэщ, ди хэкуми хамэ къэралхэми къыщыщІагъэкІ иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщауэ. Нэхъыщхьэращи, лэжьыгъэ ІэнатІэу 800-м щІигъу къызэІуихащ.

ІуэхущІапІэм цІэрыІуэ хъуауэ къыдигъэкІ ерыскъыпхъэу 8-м лІэужьыгъуэ 200-м щІигъу къызэщІеубыдэ икІи ди республикэми гъунэгъу щІыналъэхэми ахэр щІэупщІэ яІэу щащэ.

Къапщтэмэ, Налшык гъэш комбинатым къыщІигъэкІ шэм, тхъуцІынэм, шатэм, йогуртым, кхъуей лІэужьыгъуэхэм, шхум Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым адрыщІкІи ущрихьэлІэнущ.

Ерыскъыхэм я фІагъымрэ ахэр щэхуакІуэхэм ягу зэрыдыхьэмрэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъур я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщым зэпымыууэ зэрыкІэлъыплъырщ, псом хуэмыдэу гъэшыр къезышалІэхэр къызэрыхах щІыкІэм гулъытэ хэха хуащІ.

- Комбинатым фІагъым кІэлъыплъ и къудамэм и лэжьакІуэхэм щІэх-щІэхыурэ гъэш фермэхэм къэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ. Ахэр кІэлъоплъ Іэщхэр зэраІыгъ щыкІэм, къызэрашым, гъэшым и фІагъым. Мардэхэм зымащІэ дыдэкІэ къытекІмэ, дадэлэжьэжыркъым, - къыхегъэщ зи гугъу тщІы къудамэм и унафэщІ Ващейкин Алексей. – Гъэшыр къыщеІытхыну пунктыщІэр къызэІутхмэ, къыщІэдгъэкІым и куэдагъымрэ ерыскъы лІэужьыгъуэхэмрэ тхухэгъэхъуэнущ.

**Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум ирырагъэхьэлІэу, республикэм и къалащхьэмрэ и районхэмрэ зэІуэзэпщ щІыным хуэгъэзауэ къыщрахьэжьа лэжьыгъэхэр и кІэм нэблэгъащ.**

# Лэжьыгъэхэр и кІэм ноблагъэ

«КЪАЛЭ кІуэцІхэм тыншыпІэхэр къыщызэгъэпэщын» программэр гъэзэщІа хъуным хуэгъэзауэ, республикэм зыгъэпсэхупІэрэ цІыху екІуэлІапІэу иІэхэм ящыщу 13-р къагъэщІэрэщІэж.

Налшык къалэм и гугъу тщІымэ, ар, псом япэрауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щІыбагъымкІэ щыІэ лъэс къэкІухьыпІэ-етІысэхыпІэрщ. КІэлъыкІуэу, «Курортнэ» зыфІащауэ Долинск щыІэ зыгъэпсэхупІэрщ, Темрыкъуэ Идар и цІэр зезыхьэ уэрамышхуэм егъэщІылІа егъэзэпІэрщ, Амщокъуэ зэкъуэшхэм я цІэр зэрихьэу Вольнэ Аул щыІэ уэрамым къыщыунэхуа щхъуантІагъэ Іэрамэшхуэм и Іэгъуэблагъэрщ, Лениным и цІэр зезыхьэ проспектымрэ Тэрчокъуэм ейр зыфІащамрэ я зэпылъыпІэм пэгъунэгъу зыгъэпсэхупІэрщ, нэгъуэщІхэри.

Ищхьэк1э къызэрыщыхэдгъэщащи, республикэм и адрей щІыналъэхэми щыІэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ цІыху зекІуапІэхэмрэ ящыщ зыбжанэми, зи гугъу тщІа программэм ипкъ иту, лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІ.



Апхуэдэу, Прохладнэм Лениным и цІэр зезыхьэ и уэрамым лъэныкъуэкІэ пыІудза лъэс зекІуапІэмрэ а районым хыхьэ «Победэ» колхозым щыщу Хэку Зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу а къалэм дэтым къедзаетІысэхыпІэмрэ къагъэщІэрэщІэж. Къищынэмыщ1ауэ, Май къалэм и сабий джэгупІэр, Тырныауз и ут нэхъыщхьэр, Дыгулыбгъуей къуажэм кІуэцІрыкІыу Бахъсэн къалэм ухуэзышэ гъуэгу нэхъыщхьэм ижь лъэныкъуэмкІэ щыІэ и Іыхьэр.

Зи гугъу тщІа псоми лъэс зекІуапІэу яІэхэм ялъэныкъуэ мардэхэм къитІасэ плиткэхэр щралъхьэ, сабийхэмрэ ныбжьыщІэ цІыкІухэмрэ щыджэгу, я ІэпкълъэпкъыМ зыщрагъэужь хъуну утыкущІэхэр къыщызэІуах, къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр дэнэкІи щыпадзэ. Лэжьыгъэ псори шыщхьэуІум къриубыдэу зэфІагъэкІынущ.

Налшык къалэмкІэ къедгъэзэзэкІыжынщи, автомобиль зекІуапІэ нэхъыщхьэу иІэхэм зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэм щыпащэ.

Лениным и проспектым и лъэс зекІуапІэхэм плиткэщІэхэр тралъхьэ. АбыхэмкІэ къагъэщІэрэщІэжыну лъагъуэхэм, псори зэхэту, метр зэбгъуэнатІэу мин 45-рэ яубыдынущ. Къищынэмыщ1ауэ, мыбдежым «Уафэ къабзэ» программэм ипкъ иту, ток кІапсэхэр щІы щІагъкІэ щаутІыпщ, зэман гъунэгъум къриубыдэу, машинэ зекІуапІэ нэхъыщхьэм телъ асфальт «уэншэкужьри» и кІыхьагъкІэ трагъэкъэбзыкІынущ.

Кулиевым и проспектым инженер Іэмэпсымэрэ-зэпыщІапІэу щыІэхэр зэрахъуэкІащ, машинэ зекІуапІэм зыузэхуж асфальт-бетон «уэншэкущІэр» трагъэзэгъащ. А уэрам дыдэм къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр зыпащІэну пкъохэр щагъэуващ, лъэс лъагъуэхэм плиткэщІэхэр тралъхьащ.

ЩоджэнцІыкІум и проспектри къощІэрэщІэж. Къапщтэмэ, машинэ зекІуапІэ нэхъыщхьэр зыузэхуж асфальт-бетонкІэ трагъэзэгъащ. Толстойм и уэрамым къыщыщІэдзауэ Захаровым ейм нэсыху гъуэгум и лъабжьэм щІэлъын хуей пшахъуэ-мывэкІэщхъ «уэншэкур» щаузэхуащ. Лъэс лъагъуэхэм плиткэ телъхьэным щыпащэ. «Уафэ къабзэ» программэм ипкъ иту щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр и кІэм нагъэсащ.

Къэбэрдей уэрамым, Идар Темрыкъуэ и цІэр зезыхьэм деж къыщыщІэдзауэ къалэ дэкІыпІэм нэс дэлъ километри 4,6-м асфальтыщІэ тралъхьащ, адэкІэ щыІэ километри 3,5-м къриубыдэу гъуэгум и лъабжьэм щІэлъын хуей пшахъуэ-мывэкІэщхъ трагъэзэгъащ. Язынкъуэ щыпІэхэм автомобиль зекІуапІэр нэхъ бгъуэ щащІащ, жыгыщІэхэр щыхасащ.

# КIэлъыплъыныгъэр ягъэткIий

**Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кикоть Андрей кърихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и коллегие екIуэкIащ. Абы щызэхалъхьэжащ 2022 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэр.**



ЗЭIУЩIЭМ хэтащ республикэм и прокурорым и къуэдзэхэр, республикэ прокуратурэм и аппаратым и къудамэхэм я унафэщIхэр, къалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэр, прокуратурэм и оперативнэ лэжьакIуэхэр.

КъБР-м и прокурор Хабаров Николай зэIущIэр къыщызэIуихым къытеувыIащ хабзэм тетын и лъэныкъуэкIэ щIыналъэм щыIэ щытыкIэм, ар зэпIэзэрыту къызэгъэпэщынымкIэ прокурор кIэлъыплъыныгъэм иIэ мыхьэнэм.

Республикэм и прокуратурэм и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэхэр Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм игъэува къалэнхэмрэ республикэм и социально-экономикэ щытыкIэм кърикIуахэмрэ елъытауэ зэраубзыхуар къыхагъэщащ.

Кикоть Андрей коллегием кърихьэлIахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ цIыхухэм лэжьэну яIэ хуитыныгъэм, абыхэм IэнатIэ ягъуэтыным, сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным, экологием ехьэлIа хабзэр, дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым игъуэта хэщIыныгъэр гъэзэкIуэжыныр хыхьэу, гъэзэщIэным прокурорхэм гулъытэ нэхъыщхьэ хуащIын зэрыхуейр.

Абы тригъэщIащ кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэм япэ щигъэщыпхъэхэм. Абыхэм ящыщщ цIыхухэр жьы дыдэ хъуа псэупIэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымрэ фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуэтыншэу зыхуей хуэгъэзэнымрэ, къемызэгъ пхъэнкIий идзыпIэхэр гъэсеижынымкIэ лэжьыгъэр и кIэм нэгъэсыныр, властым и органхэм суд унафэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр, террорым щыхъумэнымрэ экстремизмэм пэщIэтынымрэ къызэгъэпэщыныр.

Кикоть Андрей апхуэдэуи гу лъаригъэтащ щIэпхъаджагъэм, коррупцэм пэщIэтынымкIэ прокуратурэм и лэжьыгъэр Iэмал имыIэу щIэгъэхуэбжьэн зэрыхуейм.

Коллегием и лэжьыгъэм кърикIуахэр зэхалъхьэжри, республикэм и прокуратурэм и кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iэмалхэр къыщыгъэлъэгъуа унафэ къащтащ.

**КЪАН Мырзэ**.

# Куба амбулаторэ щаухуэ

**«КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэхэу цIыхухэм япэу зызыхуагъазэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» щIыналъэ программэмкIэ Куба къуажэм амбулаторэ щаухуэ. Абы текIуэдэну мылъкур - сом мелуан 42-р - къэрал бюджетым къыхэкIащ**.

ПРОЕКТЫМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, зы къату щытыну ухуэныгъэм иубыдынущ метр зэбгъузэнатIэу 600-м нэблагъэ. Унэм хэтынущ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дохутырхэр щылажьэ, цIыхухэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ, сымаджэхэм махуэм къыщеIэзэ пэш щхьэхуэхэр. IуэхущIапIэр зэблэкIыгъуитIу лэжьэнущ, махуэм кърофициальнобыдэу абы цIыху 90-м нэблагъэм дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтыфынущ.

Иджыпсту лажьэ амбулаторэм и унэр 1948 гъэм ящIауэ щытащ. Абы хэтщ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ», сымаджэхэм махуэм щеIэзэ къудамэхэр.

Ухуэныгъэщ Iэр медицинэм къигъэув иджырей мардэхэм хуэщIауэ щытынущ, абы къыхэкIыуи къуажэдэсхэм Iэмал яIэнущ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр къызыхуэтыншэу ягъуэтыну.

Мы зэманым блынхэр зэтралъхьэ, пэшхэр куутIхэмкIэ зэпагъэщхьэхукI. Ухуэныгъэр и кIэм нагъэсынущ 2023 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

**2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м гъуэгум къыщыхъуа гузэвэгъуэм хэкIуэдащ КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэмрэ Урысейм и агропромышленнэ комплексымрэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Аруан щIыналъэм и администрацэм и унафэщIу щыта Балъкъыз Замир ХьэкIашэ и къуэр**.

# Зи гъащIэмрэ гуащIэмрэ зэтехуа



БАЛЪКЪЫЗ Замир ХьэкIашэ и къуэр 1951 гъэм фокIадэм и 16-м Джэрмэншык къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, 1969 гъэм щIалэм лэжьэн щыщIидзащ Джэрмэншык дэт щIэп заводым. Хэлъэт зиIэ лэжьакIуэ жыджэрыр куэд дэмыкIыу щIалэгъуалэм я пашэ хъуащ. Илъэс зыбжанэ фIэкIа мылэжьауэ, Аруан районым щекIуэкI конференцхэм я зым Замир щыхахащ комсомолым и райкомым и къызэгъэпэщакIуэ къудамэм и унафэщIу. 1974 гъэм Балъкъызым къиухащ Кострома дэт технологическэ институтыр. Абы щрихьэкIа илъэситхуми щIалэм къигъэлъэгъуащ еджэнми жылагъуэ Iуэхухэми хэзагъэ цIыхуу зэрыщытыр.

1977 - 1979 гъэхэм Балъкъызым Совет Армэм хэту Лозовая къалэм къулыкъу щрихьэкIащ, ротэм и командирым политикэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэу лэжьащ.

Армэ къалэныр зэфIигъэкIыу, здикIа IуэхущIапIэм къигъэзэжа нэужь, Балъкъыз Замир зэман кIэщIым зэпищIащ технадзорымкIэ инженерым и IэнатIэм щегъэжьауэ Джэрмэншык щIэп заводым и унафэщI къулыкъум нэс. Лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу къызэзыгъэпэщыф Балъкъызым зэман кIэщIым IуэхущIапIэр пэрыт ищIри, социалистическэ зэхьэзэхуэхэми текIуэныгъэхэр къыщахь хъуат, Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр щIэх-щIэхыу зыIэрагъэхьэфу.

1986 гъэм къуажэдэсхэм Балъкъызыр хахащ «Джэрмэншык» колхозым и унафэщIу. Къэралыр лъэхъэнэ гугъу зэрихуам щхьэкIэ къэмынэу, Iуэху бгъэдыхьэкIэ зыщIэ унафэщIым колхозыр ехъулIэныгъэфIхэм хуишащ, мэкъумэшыр бэву Iуахыжу, къэралым и экономикэм увыпIэ екIу щаIыгъыу. Замир и унафэм щIэтыху ухуэныгъэщIэхэр зыдащIыхьа къуажэри ефIэкIуащ, цIыхухэри нэхъ псэукIафIэ хъуащ.

1994 гъэм Балъкъызыр ягъэуващ Аруан районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэу. А IэнатIэм къыдэкIуэу къулыкъущIэм игъэзащIэрт щIыналъэм Мэкъумэшымрэ ерыскъыхэкIхэмрэ и управленэм и унафэщIым и къалэнхэри. Илъэситхукiэ зыIута а IэнатIэми Балъкъызыр щылэжьащ щIыналъэм хадэхэкI щызыгъэкI IуэхущIапIэхэр зыхуей хуигъазэу, экономикэм къыщыхъу лъэпощхьэпохэр хэщIыныгъэншэу къызэринэкIыфу. Лэжьыгъэм къыпэрымыкIыу абы къиухащ КъБКъУ-м экономикэмкIэ и факультетымрэ Санкт-Петербург дэт, РАН-м Социально-экономикэ IуэхухэмкIэ и институтым и аспирантурэмрэ.

1997 гъэм Балъкъыз Замир и диссертацэр утыку кърихьэри, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыхуагъэфэщащ. IэнатIэ ирихьэкIахэм къыхиха Iэзагъыр, зэманым декIу Iуэху зехьэкIэ зэриIэр, лэжьыгъэм къигъэув къалэнхэм пэджэжыф зэчий зэрыбгъэдэлъыр къалъытэри, Балъкъызыр ирагъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм. 1999 гъэм ар ягъэуващ КъБР-м мэкъумэш Iуэхухэмрэ ерыскъыхэкIхэмкIэ и министрым и къуэдзэу, мыгувэуи «Къэббалъкъмэкъумэштехникэ» акционер жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI ящIащ. Илъэсищ дэкIа нэужь, 2002 гъэм Балъкъыз Замир дзыхь къыхуащIащ Аруан районым и администрацэм и унафэщI къалэныр икIи илъэсиплIкIэ абы и гуащIэр езыр къыщыхъуа щIыпIэр егъэфIэкIуэным тригъэкIуэдащ.

Балъкъызым къехъулIэрт лэжьыгъэмрэ къулыкъумрэ зэдихьыныр. Ар хахауэ щытащ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 12-нэ зэхуэсым и депутату, КъБР-м и Парламентым ЛIыкIуэхэмкIэ и Советым и япэ, етIуанэ зэхуэсхэм я депутату. КъинэмыщIауэ, Балъкъызыр КъБР-м и Парламентым ЛIыкIуэхэмкIэ и Советым Регламентымрэ парламент IуэхухэмкIэ и комиссэм и унафэщIу щытащ. Урысейм и мэкъумэш партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу лэжьащ, ардыдэм и правленэм хэтащ.

2006 гъэм и накъыгъэм КъБР-м и Президентым и унафэкIэ Балъкъыз Замир ягъэуващ щытащ КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъуу. А зэманым Замир и къарур тригъэкIуэдащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыным. КъулыкъущIэр хэтащ къэралым пхъэщхьэмыщхьэ къыщыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэ нэхъ инхэр къызэщIэзыубыдэ «Урысейм и хадэхэр» зэгухьэныгъэм, «Бахъсэн хадэхэр» ООО-м и генеральнэ унафэщIуи щытащ. 2015 гъэм и кIэм Балъкъыз Замир Ингуш Республикэм ирагъэблагъэри, «Ингушым и хадэ абрагъуэ» IуэхущIапIэщIэм и унафэщIу ягъэуват. Зэман кIэщIым криубыдэу абы къехъулIащ гектар 1000-м нэс къызэщIэзыубыдэ иджырей хадэ зэригъэпэщыну, тонн мин 50-м щIигъу пхъэщхьэмыщхьэхэр щыIуахыжу.

Илъэс 50-кIэ къэралымрэ жылагъуэмрэ ятригъэкIуэда и гуащIэмрэ и ехъулIэныгъэхэмрэ пщIэ къыхуащIу, Балъкъыз Замир дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуагъэфэщауэ щытащ. Абыхэм ящыщщ «ЩIыхьым и орденыр» (1986 гъэ), «СССР-м и Дзэр илъэс 60 зэрырикъум и щIыхькIэ» медалыр. Къэралым щекIуэкI мэкъумэш Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ Балъкъызым кърауэ щытащ Мальцев Т. С. и цIэр зезыхьэ медалыр, Ингуш Республикэм и ЩIыхь тхылъыр (2017 гъэ). Абыхэм къахэхъуащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и УнафэщIымрэ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрымрэ къабгъэдэкI фIыщIэр (2017 гъэ). Балъкъызым зэрихьэрт «КъБР-м и мэкъумэш IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» (2002 гъэ), «УФ-м и агропромышленнэ комплексым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» (2021 гъэ) цIэхэр.

Тыгъэхэм я нэхъ лъапIэт Балъкъыз Замир дежкIэ и унагъуэр. Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и кафедрэм и унафэщI и щхьэгъусэ Валентинэ Ахьмэд и пхъумрэ Замиррэ зэдапIа щIалитIыр жылэм пщIэ яIэу хэтщ. Залым медицинэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Заур Мэзкуу правительствэм егъэбыдылIа къэрал къулыкъущIапIэм и аспирантурэр къиухащ.

Зэуэзэпсэу яфIэкIуэда я адэм, адэшхуэм, щхьэгъусэм, ныбжьэгъум, лэжьэгъум кIэлъогуIэ Замир и щхьэгъусэри, и бынхэри, и быным я быныжхэри, ныбжьэгъухэри, лэжьэгъухэри. ЦIыхумрэ жылагъуэмрэ, Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ екIуу яхэта Балъкъыз Замир и цIэр ар зыцIыхуа псоми я гум игъащIэкIи илъынущ.

***Аруан щIыналъэм и администрацэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ советымрэ.***

# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 9,** *щэбэт*

♦**Муслъымэнхэм я Къурмэн хьид махуэ лъапIэщ**

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къубатий**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI Iэзэ, СССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэта **Хьэжу Руслан**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Чэмал**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 10,** *тхьэмахуэ*

♦**1922 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Щоджэн Iэбу**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Срыкъуэ ХьэмщIасэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ибрэхьим Хьэмзэт**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Сэбаншы Хъусен**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ **Шэрджэс Iэсият**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 11,** *блыщхьэ*

♦**ЦIыху бжыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Шоколадым и дунейпсо махуэщ**

♦**1958 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщIэ.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрэф Майе**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Алим**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 12,** *гъубж*

♦**1927 гъэм** къалъхуащ скульптор Iэзэ, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я сурэтыщI **ТхьэкIумашэ Михаил**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ социологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пщыгъусэ Аслъэнбэч**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ дзюдомкIэ дунейм и чемпион **Лъэцэр Хьэзрэт**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Пхъэ щакъутэм къуэщIий щолъей.**

Бадзэуэгъуэм и 8-р Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэщ

# Къабзагъэмрэ гуапагъэмрэ зи нэщэнэ

**УФ-м и Президентым 2008 гъэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, ди къэралым иджы 15-нэу щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр. Къэралым и зы Iыхьэу, жылагъуэми и быдапIэ лъэщу щыт унагъуэращ къыщежьэр цIыхухэм яхэлъ хьэл дахэхэм я нэхъыбапIэр: лъагъуныгъэри, пщIэри, нэмысри, гумащIагъри, пэжыгъэри...**

УФ-м и унафэщIхэм зэрагъэувауэ, къэрал мыхьэнэ зиIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ унагъуэм, сабийхэм ехьэлIа Iуэхугъуэ псори. ЖыпIэнурамэ, бын зыпI унагъуэхэм ди къэралым хуищI гулъытэм илъэс къэс хохъуэ. А унэтIыныгъэм хуолажьэ программэ щхьэхуэхэр, быныр пIыным, псэупIэ унэхэр егъэфIэкIуэным, унагъуэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми хуэгъэпсауэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, бын зыгъуэт унагъуэхэм къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ зэрызащIигъакъуэр. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ унагъуэр хъума хъун, зэщхьэгъусэхэм яку псалъэмакъ мыщхьэпэхэр къыдэмыхъуэн папщIэ, сыту жыпIэмэ «фIыуэ ялъагъур я гъусэмэ, пщыIэм щIэсми арэзыхэр» мащIэ дыдэщ, щIэблэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным, гъэсэным, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ етыным епха жэуаплыныгъэр иджырей адэ-анэхэм, зэщхьэгъусэхэм нэхъ куууэ зыхащIэри. КъинэмыщIауэ, а дэIэпыкъуныгъэхэм ирегъэфIакIуэ щIыналъэхэм щыщыIэ демографие щытыкIэр, сабий зэзыгъэгъуэтыну хуей унагъуэхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ.

Ди республикэми щолажьэ бын зиIэ унагъуэхэм социальнэу ядэIэпыкъуным хуэгъэпса программэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ къэс ират пособиехэр, гъэсапIэхэм екIуалIэ цIыкIухэм папщIэ ят пщIэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъуэшхуэхэм псэупIэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат пщIэм и Iыхьэ гуэрым къызэригъэзэжыр, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм пщIэншэу бынхэр зэрыщыбгъэIэфыр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыху гъащIэм апхуэдиз мыхьэнэ щызиIэ унагъуэм гулъытэшхуи щегъуэт ди хэкум. Махуэшхуэр къэрал псом зэрыщаIэтым и мурад нэхъыщхьэр унагъуэшхуэхэм, бынифI къызыщIэува зэщхьэгъусэхэм, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэу, жылагъуэм щапхъэу къыщахь ди нэхъыжьыфIхэм пщIэ хэха, гулъытэ яхуэщIынырщ. Илъэс 25-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ апхуэдэу екIуу къызэдэгъуэгурыкIуа зэщхьэгъусэхэм папщIэ къэралым щагъэуващ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалыр. Ар махуэшхуэм ирихьэлIэу ират унагъуэ дахэхэм, щIыхь, фIыщIэ тхылъ хэхахэр, махуэшхуэм и дамыгъэу ягъэува шынэ-шынэ (ромашка) зыхэлъ удз гъэгъа Iэрами щIыгъужу. ЗэрыжаIэмкIэ, а удз гъагъэ хужь цIыкIур куэдым фIыуэ ялъагъу, къабзагъэмрэ гуапагъэмрэ я нэщэнэуи къалъытэ.

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр зытехуэ бадзэуэгъуэм и 8-р ди Урысей Федерацэм лэжьэгъуэ махуэу щыщытми, ар гулъытэншэ ящIыркъым къэрал унафэщIхэм. Ар гъэлъэпIэным къыхузэрагъэпэща къэралпсо комитетыр и жэрдэмщIакIуэу, ирагъэкIуэкI «Илъэсым и унагъуэ», «Унагъуэр лъэпкъ хабзэхэм я хъумакIуэщ» урысейпсо зэпеуэхэр, «Си унагъуэ» сурэт зэхьэзэхуэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри. Абыхэм хэтщ икIи ехъулIэныгъэфIхэр къыщахь Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэ дахэ куэд.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

# Дахагъэр къыщежьэр унагъуэрщ

**Сыкъыздыщалъхуа Къамылыкъуэ къуажэм зи цIэр фIыкIэ къраIуэ, щапхъэу сыт хуэдэ зэманми къэпхь хъун унагъуэ куэд дэсщ, хабзэ дахэ зэрахьэу, я нэмысми удихьэхыу. Апхуэдэу зи лъэр быдэ, хабзэр бзыпхъэ дахэу зэрылъ унагъуэр гъащIэм дэбакъуэу щытынущ. Ар жьапщэ инми пэувыфынущ, зэман хьэлъэми хэпсэухьыфынущ. Абы и щапхъэу нобэ фэзгъэцIыхунщ сыкъызыхэкIа унагъуэу жыгым езгъэщхьыр. А жыгым и лъэхъц-лъащIэхэр зэрызэрыубыдрэ зэманыфI дэкIащ, и пкъыр уэгум хуоIэ. КъыщIэж-ныщIэж зыбжанэхэри иIэщ. Жыгым пыт къудамэхэм тхьэмпэ цIыкIухэри къапокIэ. КIэщIу жыпIэмэ, мэпсэу, гъащIэ ирехьэкI**.

ДИ унагъуэм и лъэр быдэу зэрыубыдыным къежьапIэ хуэхъур си адэшхуэ-анэшхуэу МахуэлIхэ Жантемыррэ Iэминатрэщ. Си адэшхуэм пщIэрэ щIыхьрэ иIэу къэгъуэгурыкIуащ. Пасэ дыдэу гугъуехьыр къызыгурыIуа щIалэ цIыкIур итащ губгъуэм, и гуащIэр зыхэлъыр кърихьэкIыу. Губгъуэ пщыIэхэм щыжаIэжу зэхиха, къаIуэтэжу тхьэкIумэм къиIуа псоми теплъэ гъэщIэгъуэн яритурэ пщыхьэщхьэм жьэгум пэрыс цIыхухэм я пащхьэ кърилъхьэрт хъыбар телъыджэхэр. ЗэрыжаIэжымкIэ, си адэшхуэм хъыбар къригъэжьамэ, хьэблэр занщIэу къызэхуэсырт. Абы и хъыбархэр зыми ещхьтэкъым. Апхуэдэу а Iуэхугъуэм фIыуэ зэрыхэзагъэм щыхьэт техъуауэ щытащ ди IуэрыIуатэр зи Iэпэгъу, цIыху щэджащэ КъардэнгъущI Зырамыку. Ар къакIуэурэ си адэшхуэм хъыбар, псысэ, уэрэд куэд жригъэIэжу щытащ. Си адэшхуэм тхыбзэр зэримыщIэм къыхэкIыу тхыжауэ къытхуэнар Зырамыку итхахэмрэ а хъыбархэр зигу къинэжауэ жызыIэж цIыхухэмрэщ. КъардэнгъущIым къыдигъэкIыжа тхылъым итщ «МахуэлI Жантемыр къиIуэтэжа хъыбархэр» зи фIэщыгъэ Iыхьэ. Адэшхуэм хэлъа зэчийр кIуэдыжауэ схужыIэнукъым. Абы и бынхэми ар яхэлъу къогъуэгурыкIуэ.

Си анэшхуэ Iэминати гъащIэфI ирихьэкIащ - илъэси 114-кIэ псэуащ. Апхуэдиз илъэс къэзыгъэщIа цIыхубзым и зы дэтхэнэ псалъэри гъэпсауэ, удихьэхыу, гъэщIэгъуэнагъэ куэд хэлъу, гушыIэкIэ гъэнщIыжауэ щытащ. Си нэгу куэдрэ къыщIохьэж нанэ и хъыбар жыIэжыкIэхэр. УемыупщIами, къыщIидзэрти уригъэдаIуэрт хьэлэмэтыщэу зэхэлъхьа таурыхъхэм, езым къигупсысурэ жиIэхэри фIэщ пщыхъурт. Ар иныжьхэм, алмэстыхэм щатепсэлъыхькIэ, езым илъэгъуауэ, ябгъэдэтауэ къыпфIигъэщIырт. Гъэмахуэм тIэкIу хэкIуэтауэ псым зыдгъэпскIыну гугъэ диIэу гъуэгу дытеувамэ, иныжьхэм ятеухуа хъыбархэр къыщIидзэрти, псыри тщыгъупщэжырт. ТхэкIэ, еджэкIэ зымыщIэ нанэ газет къыIэрыхьамэ, къищтэрти «къеджэн» щIидзэрт: хъыбархэр жиIэжырт, дэтхэнэ и зы псалъэми фIэщхъуныгъэ хилъхьэу. ГушыIэн зыфIэфI цIыхубзым дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри абы хуигъакIуэрт. ПщыхьэщхьэкIэрэ жьэкIэ пшынэ «тхуеуэрт». Фи фIэщ зэрыхъун, ар зыкIэ и фIэщу «еуэрт» а пшынэми, пшынэ дыдэ IэщIэплъхьами, макъамэ кърigъэкIыфынтэм. Iэгур щIэту жиIэ макъамэм Iэмал имыIэу дыкъыдэфэн хуейт. Арати, пщыхьэщхьэ къэс дыкъеуджэкIырт.

Езым щIэныгъэ имыIами, нанэ къыгурыIуэрт уеджэмэ, зэрынэхъыфIыр. Пщэдджыжь нэмэзыр щищIкIэ сыкъигъэушырти, си унэ лэжьыгъэхэр къызигъэпщытэжырт. ДыщыгъуэлъыжкIи езым ищIэ нэмэзыбзэ тIэкIури дэщIыгъуу жызигъэIэрт. Дэри тфIэфIт нанэ и куэщIым дрипIыкIмэ. Абы ипщэфIу щыта шхыныгъуэхэм си джийр хуэныкъуэщ. ЩIакхъуэ зэтеупIэщIыкI ищIырт, хьэнтхъупс, хьэлIамэ, мэжаджэ, хьэлу Iыхьэ дэщIыгъуу стIолым къытригъэувэрти, си Iуэхут уэ адэкIэ уеплъэкIыфтэм. Дахагъэ куэду хэлът езы нанэ и теплъэкIи. Нащхъуэ, нэкIу хужь хъурейм уеплъамэ, удихьэхырт. НобэкIэ къытхуэна сурэтхэми зэритыр гуфIэжу, зыгуэрхэр къиIуэтэжущ.

Нанэрэ дадэрэ быний зэдагъуэтащ: щIалитхурэ хъыджэбзищрэ. Си адэ МахуэлI Замир щIалэхэм я нэхъыщIэ дыдэщ. Си адэм утепсэлъыхьмэ, къыжыIапхъэщ ар цIыху лэжьакIуэу зэрыщытыр. Сыт хуэдэ Iуэхуми псэ хелъхьэж, щылэжьа IэнатIэхэри фIыуэ ирихьэкIащ. Езы си адэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ имыIэми, нобэрей гъащIэмкIэ куэд къызыгурыIуэщ. Сыт хуэдэ упщIэми и жэуапыр зэгъэкIуауэ уи пащхьэ кърелъхьэ. ЗыгуэркIэ сеупщIамэ, абы и жэуапу сиIэнур зэпэшэчащ, тэмэмщ.

Си адэр бынхэм къыттеубгъуауэ жэщмахуэ имыщIэу нобэр къыздэсым къыддолажьэ, сабийхэр зыпищI щыIэкъым. Уэрамым сабий гуэрым щыхуэзамэ, ар игъэгушхуэнущ, еуэршэрылIэнущ. Хабзэ дегъэщI, езыми и IуэхущIафэхэмкIэ къыдощIэ абы гуащIэр зищIысыр къызэрыгурыIуэр. Унафэ ищIам дэри башкIэ деуэжыну дигу къэкIакъым. Ди унагъуэм нэхъыжьу диIэр ди адэрщ. Ар дэ ди дежкIэ жыг къудамэщ. Абы дэтхэнэми и жьауэр, хъерыр иретыф. Ар шэщIауэ, макъыбэу зэрылъэлъу псалъэркъым, ауэ жиIэ псори псыхьауэ щытщ. Псалъэжьым зэрыщыжыIам хуэдэуи, си адэр дэм хуэдэщ, гъэсэныгъэ, Iуэху лэжьыкIэ и лъэныкъуэкIэ.

Си анэ МахуэлI Ритэ зыпэсщIыни зэслъытыни щыIэкъым зы цIыху. Пэжщ, анэр анэщ жыпIэмэ, абы псори къокI. Адыгэпсэ зэрыпIутри, адыгэ унагъуэми цIыхур зэрыщигъэлъапIэри гъащIэм, сабий гъащIэм хэзыпщэр анэрщ. Си анэр си ущиякIуэщ, гъэсакIуэщ. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэми хозагъэ ар, дэтхэнэ зыми дахагъэ хелъхьэ. Абы и Iэм къыIэщIэкIам нэхъ хьэлэл щыIэкъым, и псалъэхэр изогъэщхь жэнэт бзу цIыкIум кърищ уэрэд гуакIуэм.

Пэжщ, анэм и быным хуиIэ лъагъуныгъэм нэхъ гуащIэ, нэхъ лъагъукIэ пэж щыIэкъым. Я быным бэлыхь къыжьэхамыгъэуэн папщIэ я псэ еблэжынукъым анэхэр. НтIэ, сыт хуэдэ цIыху пщэдджыжькIэ псалъэ дахэхэр къыбжиIэурэ укъэзыгъэтэджынур, зи Iэнэгу шхыныгъуэ IэфIхэр имыкIынур, пщыхьэщхьэкIэ зи уэрэд уедаIуэурэ узыгъэжеижынур? Ар анэхэращ! Анэпсэр махэщ, еубзэн хуейщ а дахэм. Анэр гъэдэхэн хуейщ, данэ ящытIэгъапхъэщ абыхэм.

Адэ-анэфIхэм я быным я гъащIэр, я насыпыр езыхэм яйхэм япэ ирагъэщ. Сэри си адэ-анэр я къару щысхьыркъым я бынхэр насыпыфIэ ящIын щхьэкIэ. Ди унагъуэм и лъащIэр си анэшхуэмрэ адэшхуэмрэ зэтралъхьамэ, си адэ-анэм абы и пкъыр зэфIагъэуващ, зэрахузэфIэкIкIи гъуэгу захуэ дытрагъэуващ. Си адэ-анэм сэр нэмыщI зы къуэрэ пхъуитIрэ яIэщ. НэхъыщIэ дыдэр сэращ. Си шыпхъуитIри унагъуэ ихьауэ фIы дыдэу мэпсэу, си къуэшми щхьэгъусэрэ быниищрэ игъуэтыжащ. Адэ-анэ абгъуэм къилъэтыкIа бынхэм езыхэм абгъуэ яухуэжакIэщи, гъащIэм зыдрагъэкIуу, пкъыфIэхэу хопсэухьхэри, ари фIыгъуэшхуэщ сэркIэ.

Езыхэр унагъуэ щхьэхуэ хъуауэ псэухэми, си шыпхъуитIым ядз нур, бзий цIыкIухэр къыслъэмыIэсу къанэркъым. Быным ди нэхъыжьу къэхъуа си шыпхъу Раметэ сыт щыгъуи дигъэлъэгъуар хабзэщ. КъыгурыIуэу къыщIэкIынт езым дигъэлъагъу Iуэхугъуэхэр дэри фащэ зэрытхуэхъунур. ЕджапIэм щыщIэсми и еджэныгъэкIи, и хьэлкIи, и IуэхущIафэкIи ипэ зыри къимыувэным хущIэкъуащ. Зэпеуэхэми зэхьэзэхуэхэми и зэфIэкI хилъхьащ. Унэ лэжьыгъэхэр зэрытщIыжам пщыхьэщхьэкIэрэ кIэлъыплъу, къыдгурымыIуахэри къыдгуригъаIуэурэ адэ-анэ абгъуэм ари илъэтыкIри, езым и унагъуэ иухуэжащ. Щоджэнхэ ис си шыпхъум пхъуитIрэ зы щIалэрэ иIэщ.



Си шыпхъу етIуанэ Людэ-щэ? Дахагъэр куэду зыгуэшщ, хабзэ-нэмысыр зезыхьэщ. Ар къыщопсалъэкIэ, гум зегъэпсэху. Лэжьыгъэ щищIэм деж псори IуокIуэтри, къанэр гупсэхугъуэщ. Псоми я пIалъэр ещIэ, сытми хозагъэ. Люди фIы дыдэу еджащ. ЗыпищI щыIэкъым езым къыдалъхуа и адыгэбзэр. Куэдрэ абы къызжеIэ: «Зи быдзышэ уефа уи анэм и бзэр пщыгъупщэж хъунукъым, Беслъэн. Уи анэр пщыгъупщэжын - апхуэдэщ бзэри, ар пхузэфIэмыкIынщ».

Си шыпхъуитIым япэсщIын щыIэкъым, ахэр си дежкIэ налкъутналмэсхэщ. ТIуми фIым зыхуагъэш, Iэмал зэриIэкIэ дахагъэ псори си гъащIэм къызэрыхаухуэнэным яужь итщ. ЩIалэм ебгъэлъагъур и гъуэгущ, жи. Сэри абыхэм сагъэлъагъурщ зыхэслъхьэр.

Си къуэш Аслъэни зэрыхузэфIэкIкIэ зыкъысщIегъакъуэ. Сыт хуэдэ Iуэхури къыздегъэпсынщIэ, къыздеIыгъ. Ар цIыху зэпIэзэрытщ, къаруушфIэщ, спортым хуабжьу дехьэх. Мызэ-мытIэу къигъэлъэгъуа ехъулIэныгъэхэм срогушхуэ, сропагэ. Куэд жызмыIэу зи Iуэхур зэфIэзыгъэкI си къуэшыр хьэлкIэ си адэм ещхьщ. Аслъэн и щхьэгъусэ Амыди ди псэм къыдэщIу щытщ. Абыхэм бынищ яIэщ: Алан, Миланэ, Нурлан.

Куэдрэ сигу къокI: ярэби, дауэ псэурэ унагъуэ зимыIэ цIыхухэр?! Унагъуэм къит дахагъэм хуэхейуэ щыт цIыхум и дунейр сыт хуэдэ? Апхуэдэ гупсысэм сыкъыхэзышыжыфыр си адэм и псалъэ Iущырщ, си анэм и Iэ щабэхэрщ, си шыпхъухэм я нэмысырщ, си къуэш, нысэм я Iуэху зехьэкIэрщ.

Пэжщ, унагъуэр зэгурыIуэу, насыпыфIэу псэуныр куэдым елъытащ. Ауэ адыгэ хабзэр бзыпхъэ дахэу щыплъагъу, гъащIэм дэбакъуэу псэу унагъуэм пэлъэщынукъым зыри. КъызэрыслъытэмкIэ, ди унагъуэм илъщ хабзэ, нэмыс, Iулыдж. Ахэрауи къызолъытэ дахагъэм и къежьапIэр. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэу унагъуэм нэхъыфI сыт щыIэ?!

Ди унагъуэ жыгым и пкъыр мэж. Къудамэу абы тетым бжыгъэ яIэкъым. Абыхэм заукъуэдий, зашэщI, я хуитыныгъэм зрагъэужь, йофIакIуэ. Бзийхэр, тхьэмпэхэр щхьэкIэм нэсу гуапэу зоIущащэ. Жыг лъабжьэми къуэж зыбжанэхэри иIэщ. Жыгыр и чэзум къотIэпI, мэщхьэлъэ. Кумылэ, жылэ, хъугъуэфIыгъуэ зэрылъ купкъхэм пхъэщхьэмыщхьэ, дахагъэ ирещIэ, лъэпкъыгъуэ лIэужьыгъуэхэр мыкIуэдыжын папщIэ. ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, жи. Абы къыхэкIыуи кIуэд зимыIэщ си адыгэ унагъуэр. Ар уахътыншэщ, сыт щыгъуи къэщIэрэщIэж зэпыту дунейм тетыныр сфIэмахуэщ.

Си унагъуэ, си унагъуэ,
ЛъащIэ быдэр зыщIэт жыг.
Нэмыс щIыныр зи къудамэ,
ПщIащэу уиIэр хабзэ-бзыпхъэщ,
Уи дахагъэр псом етыпхъэщ.
Си унагъуэ, си унагъуэ,
Унэсащ уафэгум ибг.
Пхъэщхьэмыщхьэ къыппыкIащи,
ЩIэж уиIэныр уи къалэнщ,
Зыбубгъунуи къыщIэкIынщ.
Гуапэу бзийхэр зэIущащэу
Слъагъумэ, си гур сэ хэхъуэнщ.
Си унагъуэм лъащIэ быдэ
Илъэс минкIэрэ иIэнщ.

**МАХУЭЛI Беслъэн**.
*Москва къалэ*



ТхакIуэ-усакIуэ гуп.

# Лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтхэр хуэзыщIа

Зауэ нэужь лъэхъэнэм адыгэ литературэм тхакIуэ-усакIуэ ныбжьыщIэ гупыфI къыхыхьащ. Абыхэм я нэхъыбэр зауае екIуэкIам лIыпIэ иригъэуват, гъащIэм и пэжыр, хэкум и цIыхухэм я зэфIэкIыр къагуригъэIуат. ЩIэныгъэ нэхъ куу зэрабгъэдэлъым и фIыгъэкIэ, абыхэм нэхъ псынщIэуи я лъагъуэ хашащ, литературэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуащIыныр яхузэфIэкIащ. Къыдалъхуахэми нэгъуэщI лъэпкъхэми я художественнэ хъугъуэфIыгъуэхэр зи творчествэм лъабжьэ хуэзыщIа а тхакIуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьащ, абыхэм я тхыгъэхэр адыгэ тхылъеджэхэм фIыуэ ялъэгъуащ, нэгъуэщI лъэпкъыбзэ куэдкIэ ахэр зэрадзэкIащ. Зауэ нэужь зэман хьэлъэм адыгэ усыгъэм япэ лъэбакъуэхэр хэзыча усакIуэ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ зыщ Хьэнфэн Алим. Ар къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 100 ирокъу.

Илъэс куэдкIэ еш имыщIэу адыгэ литературэм хуэлэжьа а усакIуэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIащ абы, тхылъ тIощIым щIигъу къыдигъэкIащ, и тхыгъэхэр тхылъеджэхэм я гум, я псэм дыхьащ. Абы и зэфIэкIыр, и художественнэ Iэзагъыр нэхъ наIуэ щищIар лирикэмрэ сабий литературэмрэщ, шэрджэс литературэм нэхъ къыщыкIэрыхуу щыта а жанрхэм а усакIуэ гъуэзэджэм зригъэужьащ.

Хьэнфэн Алим Мэзан и къуэр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Хьэбэз районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1922 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ. Адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкIым къыхэкIа щIалэ цIыкIур и сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ IэнатIэ гугъу пэроувэ: илъэсий и ныбжьу абы и адэр фIокIуэд, и щхьэ закъуэ къарукIэ сабииплI ипIыну къызыхуэна и анэм жеи псэхуи имыIэу ахэр зыхуей хуегъазэ. Апхуэдэ къулейсызыгъэ зытелъ унагъуэм къэралри щIэгъэкъуэн къыхуохъу – къуажэ пэщIэдзэ еджапIэм зыкъомрэ щеджа нэужь, а зэманым Черкесск къалэм къыщызэIуахауэ щыта интернат еджапIэм Алим щIагъэтIысхьэ. А лъэхъэнэм интернатым и унафэщIу икIи щезыгъаджэу щыта Мамхэгъ Хьисэ и фIыгъэкIэ щIалэ цIыкIум анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэ ин хуещI, литературэм етхьэкъу, усэ итхыу щIедзэ. И унагъуэм зыгуэркIэ зыщIигъэкъуэн и мураду, 8-нэ классыр къызэриухыу ар егъэджакIуэ курсым щIотIысхьэ, иужькIи Али-Бэрдыкъуэ къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм егъэджакIуэу щылажьэу щIедзэ. И IэщIагъэм нэсу зэрыхуэмыхьэзырыр къызыгурыIуэжа щIалэр 1940 гъэм езым и лъэIукIэ дзэм хохьэ икIи ар Грознэ къалэм дэта, авиацэм щыхуагъасэ еджапIэм щIотIысхьэ. Хэку зауэшхуэ къежьам и зэранкIэ, а еджапIэр къимыухыу, ар къызэрыгуэкI сэлэту зауэм Iухьэн хуей мэхъу. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIа зауае гуащIэм адыгэ щIалэ ныбжьыщIэр илъэсиплIым щIигъукIэ хэтащ, лIыгъэ къигъэлъэгъуахэм папщIи абы «Хэку зауэшхуэ» орденым и япэ нагъыщэр, «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр къыхуагъэфэщащ.

Мамыр лэжьыгъэм хуэзэша щIалэр 1945 гъэм зауэр зэриухыу дзэм къыхокIыж, и хэкуми къегъэзэж. Куэд щIауэ къыхиха, и нэ къызыхуикI егъэджакIуэ лэжьыгъэм ар пэроувэж, Инжыдж ЦIыкIу къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм щылажьэу щIедзэ. ЩIэныгъэ бгъэдэлъымкIэ зыхуэмыарэзыж егъэджакIуэр пединститутым лажьэрыеджэу щIотIысхьэ икIи ар абы ехъулIэныгъэкIэ къеух. Зи япэ тхыгъэхэр «Шэрджэс плъыжьым» къытехуэу щIэзыдза усакIуэр 1948 гъэм газетым и редакцэм ирагъэблагъэ, зэман дэкIа нэужь радиокомитетым яшэ, иужькIэ тхылъ тедзапIэм и редактор къулыкъур и пщэ къыдалъхьэ. Зи щIэныгъэм, художественнэ Iэзагъэм зэрыхигъэхъуэным зэпыу имыIэу яужь ит усакIуэм 1956 гъэм Ставрополь къалэм дэт парт еджапIэр, 1964 гъэм Литературэ институтым деж къыщызэIуаха литературэ курс нэхъыщхьэр къеух. И лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэ хьэлэмэт хуищIахэр къалъытэри, Хьэнфэн Алим саугъэт куэдхэр «Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ», «Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэмрэ къыхуагъэфэщауэ щытащ. СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ ар, Черкесск къалэм щIыхь зиIэ и цIыхущ. Пенсэм кIуа иужьи, усакIуэ гъуэзэджэм творческэ лэжьыгъэ ин иригъэкIуэкIащ, и тхыгъэхэр газетхэм, журналхэм тригъадзэу, ахэр зэрыт тхылъ щхьэхуэхэр дунейм къытехьэу, литературэм къыхыхьэ ныбжьыщIэхэм гъэсакIуэ, чэнджэщэгъу яхуэхъуу.

Адрей усакIуэхэми ещхьу, Хьэнфэныр нэхъыбэу зытетхыхьыр, и тхыгъэхэм зи гугъу нэхъ щищIыр гъащIэм къахуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэрщ, зауэ нэужь лъэхъэнэхэм лъэпкъ зэхуэмыдэ зыбжанэм я литературэхэм я нэIэ нэхъ зытета Iуэху гъэщIэгъуэнхэрщ. Шэрджэс усакIуэм и тхыгъэхэм щIыпIэшхуэ щаубыд илъэсиплIкIэ зыхэта зауэм зэреплъым, хуиIэ бгъэдыхьэкIэм, зэфIэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэ хьэлэмэт и хэкум щекIуэкIым, зи къарурэ зэфIэкIкIэ ар зэзыгъэпэщыж цIыху псэемыблэжхэм, лъэхъэнэ кIэщIым къриубыдэу и лъахэм зыIэригъэхьа текIуэныгъэфIхэм, абы хуиIэ лъагъуныгъэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэм, мамырыгъэр хъумэным, адэжь щIыналъэм и теплъэр къэгъэлъэгъуэным, лъагъуныгъэм, къэхъу щIэблэщIэр нэсу, къызыхэкIам хуэфащэу гъэсэным.

МафIэ лыгъэ зыхэтам и гугъу щищIкIэ, абы и нэIэ нэхъ зытригъэтыр пыухыкIауэ зауэ IэнатIэм щилъэгъуа, езым и щхьэкIэ къыщыщIахэракъым – ар нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр щIыгъуа и ныбжьэгъухэрщ, зауэм зи псэ хэзылъхьахэрщ, тхыдэм хэIуа лIыхъужьыгъэу абыхэм къагъэлъэгъуарщ, хэкум и бын пэжхэм я псэкIэ, я гугъуехькIэ къазэуа текIуэныгъэ иным и мыхьэнэрщ.

Тхэн щыщIидза япэ махуэхэм къыщегъэжьауэ Хьэнфэн Алим и нэIэ нэхъ зытетыр, игурэ и псэрэ етауэ нэхъ зэлэжьыр къэхъу щIэблэщIэр и хэкум хуэпэжу, хьэл-щэн нэсхэр яхэлъу гъэсэнырщ, зэфIэкIышхуэрэ къару инрэ зиIэ щIэныгъэм и мыхьэнэр къыгуригъэIуэнырщ. Сабийхэм яхуэгъэзауэ усакIуэм къыдигъэкIа тхылъхэр адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэщ, абыхэм лъэпкъ сабийхэр пэжыгъэм, цIыхугъэм, лIыгъэм хуагъасэ.

Зи хэкуми зи лъэпкъми псэуху хуэпэжа, абы зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIа усакIуэр, и ныбжьыр илъэс 91-м иту, 2013 гъэм гъатхэпэм и 14-м, дунейм ехыжащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

**ХЬЭНФЭН Алим**

# Имарэ цIыкIу

### *Iуэтэж*

Гъэмахуэм и фIыгъуэ, и нэплъэгъуэ зэмант. Илъэсиплхым ит хъыджэбз цIыкIу Имарэ хьэщIапIэ яшат къуажэм. Абдеж щыпсэурт и адэ шыпхъу Чэсей. Къуажэр Iуст Инжыдж Iуфэ. Ар къуршыпс даущт. Нэпкъхэми къешыбгъэт. Шынагъуэт къыщиукIэ. А псыр фIыуэ зымыщIэхэм гурагъаIуэрт зыхуэсакъынхэу. Чэсейрэ и щхьэгъусэ Ахьмэдрэ я нэIэ къытрагъэкIыртэкъым хъыджэбз цIыкIум. ЗэрымыщIэкIэ якIэщIэкIыу псым кIуэнкIэ шынэхэрт. Апхуэдэхэм щагъэщтэн папщIи:

- Псым уи закъуэ умыкIуэ, тIасэ, абы Псыхъуэгуащэ хэсщ, уипхъуэтэнщи укъэдгъуэтыжынкъым! – жраIэрт. Езы Имарэ цIыкIуи абыхэм къеплът, сыту шынагъуэ а псыр, жиIэ хуэдэ.

Сабий пкъымызагъэ Iуэрвэрт Имарэ. Ауэ щытми, абдеж ар нэхъ жыIэдаIуэ хъуат. Чэсейрэ Ахьмэдрэ фIыуэ къызэралъагъур зыхищIэрт. Абдеж щылъагъухэр, щызэхиххэр зыфIэхьэлэмэт хъыджэбз цIыкIум гу лъетэ Ахьмэд и шыр псыхъуэм зэрыщигъэхъуакIуэм.

- Ахьмэд дадэ, уи шыр псыхъуэм щыIэщ, Псыхъуэгуащэм ипхъуэтэнщи дэнэ къиипхыжын! – жеIэр Имарэ.

- Зригъэубыдынкъым, тIасэ, шыр лъэщщ, жэрщ, къыщIэпхъуэжынщ. Ар икIи лъакъуэкIэ уэфынущ, езыр зыхуэмей къыщыхьэмэ.

- Псыхъуэгуащэр ин? – мэупщIэ Имарэ.

- Абы зыдигъэлъагъуркъым, Имарэ цIыкIу, псым и нэхъ кууупIэхэм хэсу жаIэр. ЗызыгъэпскIхэр аращ щIэсакъыр. ЕсыкIэ зымыщIэхэращ абы нэхъыбэу IэщIыхьэр. Сабийхэм я закъуэу ауи псым бгъакIуэ хъунукъым.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ гуфIэгъуэ къыдэхъуащ Ахьмэдхэ я пщIантIэм. Чэсей тезыгъэу, зыгъэнэжэгужэ Имарэ цIыкIу къызэхехыр унэм къыщIыхьэжа Ахьмэд и макъ:

- Уэ Имарэ нэ фIыцIэ цIыкIу, уэ жыIэдаIуэ цIыкIу, накIуэ уезгъэплъынщ ди шым иIэ хъуа шыщIэ дахащэ цIыкIум.

Зи нэ фIыцIэхэр къилыдыкIа Имарэ ящIыгъуу шэщ бжэIупэм Iухьащ Ахьмэдрэ Чэсейрэ. Абдежыр дыгъапIэти, анэ хъуа шым нэхъ фIэфIу къыщIэкIынт. ШыщIэ натIэху цIыкIур къызэфIэуват. Лъакъуэ псыгъуэ зэкIужхэр щIигъэувыкIыу зиIыгът. И анэр абы едэхащIэрт нэкIи, IупэкIи, бзэгукIи.

- ШыщIэ цIыкIум деIэбыныр, Iэ дэтлъэныр иджыри пасэIуэщ, Имарэ дахэ цIыкIу, - жеIэр Ахьмэд. – Мэуэ тIэкIу зыкъиужьмэ, сэ сыхуэмызэжыкъуэми, Чэсей щIыгъуу федэхэщIэнщ а натIэху, лъакъуэху цIыкIум.

Чэсей и Iэпэр иIыгъэрэ гуфIэгъуэм иIэту Имарэ еплът шыщIэм. ИтIанэ къелъагъур зыщIыпIэкIэ къыкъуэкIа къуртыр. Бырыб щабэ цIыкIухэу джэджьей хъушэ кърищэкIт. ЗыкъригъэзэкIыжри, Имарэр Ахьмэд къеупщIащ:

- Ахьмэд дадэ, уи шышхуэм мо шыщIэ цIыкIу закъуэра кърищыфар?

- Дапщэт-тIэ кърeбгъэшынур, Имарэ? – щIэгуфIыкIыурэ упщIэри фIэгъэщIэгъуэну къеплъащ абы Ахьмэд. Чэсеи игъэщIэгъуащ, IэплIи хуищIащ хъыджэбз цIыкIум. Имарэ аргуэру къыщIигъуащ:

- Нэхъ цIыкIурэ пэт, мес, мо къуртым къриша Iэджомэр плъагъурэ уэ, Ахьмэд дадэ!

Ахьмэдрэ Чэсейрэ зоплъыжри, ахэр нэхри нэжэгужэ хъуахэу, зэхахар ягъэщIагъуэу доджэгу, ягъэсыс Имарэ.

- Уэлэхьи, тэмэмыр жиIакIэ Имарэ цIыкIу, шы абрагъуэм шыщIэ цIыкIу закъуэщ кърищыфар. Мо къурт цIыкIур къытекIуащ. Уэ Имарэ дахэ, уэ куэдым гу лъызытэ, уэ гъэщIэгъуэнхэр жызыIэф, шыхэм мопхуэдэ шыщIэ цIыкIу закъуэщ «кърашыр», нэгъуэщIу жытIэмэ, къащIэхъуэр. Къуртхэм я Iуэхур нэгъуэщIу гъэпсащ, нэгъуэщIурэ мэпсэу. «Къурт», «къурт» макъ къагъэIуу щыхуежьэкIэ, ахэр абгъуэм ирагъэтIысхьэ, джэдыкIэхэр щIалъхьэ. Абыхэм езыхэр тесщ, ягъэхуабэ. Ауэрэ джэдыкIэхэм къопщыр мо плъагъу джэджьейхэр.

- Шыри джэдыкIэхэм тевгъэтIысхьэ, - жеIэр Имарэ, - игъэхуабэу тесурэ кърышынщ шыщIэ Iэджомэ.

- Алыхь, хъунур къыбжиIамэ! – мэдыхьэшх Чэсей. Ахьмэди дыхьэшхыу.

- Хъарзынэкъэ, Имарэ, сэ езгъэсэнщ шыр къуртым хуэдэу джэдыкIэм тесыфу, «къурт» жиIэфу. Чэсей зэхуедгъэхьэсынщ джэдыкIэ куэд, шыр тедгъэтIысхьэнщ, селъэIунщ имыкъутэу, игъэхуабэу тесыну, шыщIэ дахэ куэд къытхуришыну.

Ахьмэд и псалъэхэр зи гум ирихьа Имарэ мэгуфIэ, и Iэгу цIыкIухэр зэтрегъауэ. Чэсей ар и бгъэм щIеубыдэ, йодэхащIэ, йопсалъэ:

- ИтIанэ хьэщIэу укъытхуэкIуэнщи, шым кърищахэр плъагъунщ, Имарэ! Шыхэр Iущщ. Ахэр ягъэсэфыр гъуэлъу, къыщылъэтыжу, щIэпхъуэу. А Iуэхур Ахьмэд щытщIынщ пщэрылъ. УтригъэтIысхьэнщи укъришэкIынщ, шыщIэ цIыкIур нэхъ иныIуэ хъунщи удэджэгунщ, фошыгъу кIанэ, щIакхъуэ Iыхьэ ебгъэшхыу есэмэ, ар нэIуасэ къыпхуэхъунущ.

Чэсей жиIахэр Имарэ гурыхь щыхъуащи, долъей, Iэгу цIыкIухэр зэтрегъауэ, макъ жьгъэрукIэ мэдыхьэшх:

- СыкъэкIуэнущ, сыкъэкIуэнущ Iэджомэрэ!

Имарэ и псалъэхэр зэхэзыха гъунэгъухэри Ахьмэдрэ Чэсейрэ къыщеупщI щыIэщ, фи нэ фIыцIэ хьэщIэ цIыкIур сыт щыгъуэ къыфхуэкIуэну, жаIэу. Мыдрейхэми гуапэу жэуап ятыж: «КъэкIуэнущ, хуэшыIэнукъым!» Аращ Имарэ цIыкIу и хъыбару къуажэм къыдинар.



Алим ипхъу Людмилэ и гъусэу.




# ТебэкIэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцIа



БжэнылгъэгъупцIар яупщIатэ е джыдэкIэ зэпауд хьэлъагъыр г 80-100 хъууэ, псы хуабэкIэ ятхьэщIри, тебэм иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри тебащхьэр тепIауэ пэшхьэкум трагъэувэ. МафIэ щабэм тету, тхъурымбэр къытрахыурэ ягъавэ, псыр щIэвэщIэху икIи дагъэр къыщIидзыху. ИтIанэ зэIащIэурэ тхъуэплъ дахэ хъухукIэ ягъажьэ а дагъэ къыщIидзамкIэ, мафIэр ирашэхри бжьыныщхьэ укъэбза упщIэтар халъхьэ. Псори зэIащIэурэ дакъикъи 3-4 хуэдизкIэ ягъажьэ, шыбжий сыр хьэжа траудэри зэIащIэурэ зы дакъикъэ-дакъикъитIкIэ ягажьэ. Iэнэм тепщэчкIэ трагъэувэ, щыжьэм къыщIэжа дагъэри тракIэж. Пщтыру, пIастэ хуабэ и гъусэу яшх, шэ хуабэ трафыхьыж.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***

бжьэнылгъэгъупцIауэ - г 300,
псы щIыIэу - г 100,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50,
шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

# Къэб гъэва зыхэлъ тхъурыжь

Ар дахэ, IэфI мэхъу, витамин А-кIэ къулейщ, шхыгъуафIэщ. ДжэдыкIэ цIынэм фошыгъу щабэ, содэ халъхьэ, фIыуэ яудэри, абы къэб пIастэ, тхъуцIынэ гъэткIуа халъхьэ, зэIащIэ, гуэдз хьэжыгъэм и кум иракIэри, быдэ хъуху япщ. Содэр куэдыIуэмэ, тхъурыжьыр къочэри абы хуэсакъыпхъэщ. Iэнэм хьэжыгъэ трагъэщащэри, тхьэвыр щамыгъэлъу хупхъэкIэ яху мм 1-1,5 -рэ и Iувагъыу, хуэплIимэ щIыкIэу. И бгъуагъыр см 3-4, и кIыхьагъыр см 120 хъууэ зэпаупщI, бэлагъым кърашэкIри и кIапитIыр зэтрагъапщIэ, градуси 160-180-рэ хъууэ къэплъа тхъум е дагъэм халъхьэри бэлагъыр ягъаззэурэ тхъуэплъ, гъуэжьыфэ хъуху ягъажьэ. Вазэм иралъхьэри Iэнэм трагъэувэ. ЩIыIэуи хуабэуи яшх.



***Халъхьэхэр:***

гуэдз хьэжыгъэу - г 400,
джэдыкIэу - 3,
фошыгъуу - г 50,
содэу - 1 гр,
къэб пIастэу - г 100,
тхъуцIынэу - г 30,
шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

## Ар дауэ?

ЛIитI пхъэ къахьыну мэзым кIуати, пшапэр зэхэуэху хэт жыг нэхъыбэ пиупщIыфми зэпеуэну зэгурыIуэри, лъэныкъуэ зырызкIэ зэбгрыкIащ. Япэ щIыкIэ тIури зэхуэдэ хуабжьагъ яIэу лэжьэн щIадзащ. Сыхьэт дэкIри, зым и джыдэ тIыркъэ макъыр зэпыуащ. ЗэпхыдэIукIыу абы гу лъызыта етIуанэ лIым езыр текIуэну Iэмал иIэ зэрыхъуам нэхъри тригъэгушхуауэ лэжьэным пищащ. Дакъикъипщl докIри, япэрейм и тIыркъэ макъыр аргуэру къэIуу хуожьэж. Аргуэру зэхуэдэу лажьэурэ, япэрейм и макъыр аргуэру зэпыуащ. Мыдрейр гуфIащ, езыр зэрытекIуэнум шэчи къытрихьэжыртэкъым иджы. ЛIитIым языр сыхьэт къэс дакъикъипщIкIэ къэувыIэрт. Апхуэдэурэ, пшапэхуегъэзэкI хъуащ. Езым текIуэныгъэ къихьауэ фIэкIа зимыгугъэ лIыр мыдрейм бгъэдыхьэмэ – щыуауэ къыщIэкIат.

- Мыр дауэ? - игъэщIэгъуащ абы. - Сэ сыкъызыпхыдэIукIыурэ зэхэсхащ сыхьэт къэсыху уи лэжьыгъэр дакъикъэ бжыгъэкIэ зэрызэпыбгъэуар. Уэ дауэ жыг нэхъыбэ къибупщIыкIа?

- Дауи щхьэуи хэлъкъым, - жиIащ адрейм. - Сыхьэт къэсыху сыкъэувыIэурэ си джыдэр слъащ.

## ДжэгуакIуэ

Джэгур зезыгъакIуэ, джэгум и тет, дауэдапщэм (щIэпщакIуэхэм, нысашэм, вакIуэихьэжым, н.) и зэхэшакIуэщ. ДжэгуакIуэр уэрэдусщ, уэрэджыIакIуэщ, IуэрыIуатэзехьэщ, лъэпкъ тхыдэм и хъумакIуэщ; абы и къалэн щхьэхуэхэр ягъэзащIэ хьэтиякIуэм, джэгу тхьэмадэм, ажэгъафэм. ЩIапщэ джэгур зезыгъакIуэм папщIэ инжыдждэс адыгэхэм джэгу хьэтэ, джэгу хьэтым жаIэ.

Джэгур тхьэлъэIу лIэужьыгъуэу, абы и зы Iыхьэу зэрыщытыр щыхьэт тохъуэ джэгуакIуэм тхьэмадэм (хъуэхъупщым, тхьэпщым (жрец)), Iэзэм (лекарь) я къалэнхэр игъэзащIэу зэрыщытам. IэзапщIэмрэ джэгуакIуапщIэмрэ зэгуэрым зыуэ щытащ - тыхьу яукIа Iэщым и фэр.

ДжэгуакIуэм и нэхъ пщэрылъышхуэу иужькIэ къызэтенахэм ящыщщ цIыхухэр игъэгуфIэныр, гушыIэкIэ ягу къиIэтыныр, мыхъуну илъагъум гу лъитэу ауан ищIыныр. «Сэ си зы псалъэ закъуэкIэ къэрабгъэр лъэпкъым и хъумакIуэ лIыхъужь, дыгъуакIуэр щыпкъагъэ зыхэлъ цIыху сощIыж. Бзаджэм си пащхьэ зыкъригъэхуэну хуиткъым. Мыхъун псоми сэ срабийщ» – апхуэдэу и щхьэм хужиIэжащ пасэрей джэгуакIуэ гуэрым. АпхуэдизкIэ джэгуакIуэ псалъэм къару хэлът, фIэлIыкIыныгъэрэ хьэтыррэ иIэт. Адыгэр лIакъуэ псэукIэм икIыу феодализмэм щыхуэкIуэ лъэхъэнэм джэгуакIуэм игъэзэщIащ мэхъупщым и пщIантIэдэт усакIуэм и къалэнхэр. Абы зауэм Iут лIыхъужьхэр уэрэдкIэ егъэлъапIэ, къэрабгъэхэм я цIэ къриIуэурэ йохъурджауэ.

Уэрэдым дахэу хэIуэн папщIэ адыгэ зауэлIыр и псэ еблэжынутэкъым, къэрабгъэ къыфIамыщын щхьэкIэ зыкъригъэукIынут.

Ипщэ-икIэ емылъытауэ, джэгуакIуэр яхуоусэ пщыми, уэркъми, лъхукъуэлIми, дин лэжьакIуэми. Абы хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIэт лъэпкъыр зэгурыгъэIуэным, зэкъуэтыным, мыхъуну хэлъымкIэ зыкIэлъыплъыжыным и IуэхукIэ.

Уэрэд зрагъэус джэгуакIуэм ират хабзэт хъурыфэ пыIэ, къамэ, шыщIэ е IэщIэ-выщIэ. Иужьрей зэманым зи цIэ Iуа джэгуакIуэшхуэхэм ящыщщ Инжыдждэс адыгэхэм я деж – Мыжей Сэхьид, Къэбэрдейм – Агънокъуэ Лашэ, КIахэм – Жанджатэ Къуийнэф сымэ.

**ПАЩТЫ Мадинэ**.

# Пэжым езым и гъуэгу хешыж

**♦Хэкур лъэщмэ, урогушхуэ.**
**♦Зэманым къыдекIу къегъэщIыж.**
**♦Хэкур псэкIэ зэрахьэ.**
**♦Пэж щыжыпIэкIэ, уи шыр хьэзыру Iыгъ.**
**♦Хэкур псэ пылъхьэщ, псэр шэпэIудз зыхуащIщ.**
**♦Зэманым нэхъ щхьэщыжэгъуфI щыIэкъым.**
**♦Пэжым езым и гъуэгу хешыж.**
**♦Зэманым уэ зыдумыгъэхъумэ, езым зыкъыбдигъэхъунукъым.**
**♦Зэманыр бажэмэ, уэ хьэджафэу кIэлъыжэ.**
**♦Хыв фIыцIэр хужьу щыпфIагъэуви къохъу.**
**♦ШылъэгумкIэ шэдри жэнэтщ.**
**♦ЩумыщIэжым деж пэжыр умыбзыщI.**
**♦Щхьэж и къуажэ и гупсэщи, щхьэж къыщалъхуам и псэр хэлъщ.**
**♦Зи хэку щхьэщымыжым и насыпыр йож.**
**♦ЗищI имысыр убзалэщ.**
**♦Зэманыр цIыху гъащIэм ироджэгу.**
**♦Зи дахэ пэIэщIэр илъэскIэ магъри, зи хэку пэIэщIэм и гъащIэ псор хьэдагъэщ.**
**♦Хэти иIэр зы хэкурэ зы анэрэщ.**
**♦Пэжыр джатэми, пиупщIкъым.**
**♦Хэкужь хуэдэгум хамэщIри и джэгуэнщ.**
**♦Пэжыр къаруушхуэщ.**

ШЭРДЖЭС Алий.

# Уэшх хьэщIэ

Уэшхым содаIуэ. ЛъапцIэу сыхэтщ. Зыри жимыIэу, куэд къызеIуэкIри, уэ узогъэщхьыр уэшхыр. Уафэм къыщожьэ, щIылъэм лъоIусри, ткIуэпсхэр мэщащэ. Сыту сфIэмащIэ уэшхыр... СызыхуэпIащIэ ткIуэпсхэр уафэм еубыдыжри, сэри салъэIэсыжкъым. Си гум илъыжкъым гуауэ. Ауэ... уэшхыр къемышхыуи дауэ?! Сэ ар къысфIощI уэрауэ... СощIэ, жыпIэнур сощIэ...Укъысхуэкlуат уэшх хьэщIэу. Уи гур нэщхъейрэ нэщIу. УщыIукIыжым, къешхырт...

Си гум илъыжкъым гуауэ. Си гум щызопI макъамэ. Уэшхым схузэхилъхьауэ. Зыми зэхимыхауэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.



# Псалъэзэблэдз

***Къехыу:*** **1**. Дыщэ-дыжьынхэм зыгуэр къыхащIыкIыныр зи IэщIагъэ. **3**. Купсэ къызэрыкIа, жылэ къэзыщI бэлыджэ. **4**. Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ адыгэ къуажэ. **6**. Пащтыхь, уэлий, къэрал, хэку унафэр зыIэщIэлъ. **7**. ЛъэщапIэ, гъукIэм и лэжьапIэ. **10**. ХьэлIамэм ещхьу ящIу ягъэвэпхъ, итIанэ яжьэ пщтырым щIахъумэу ягъэжьэж, хум, нартыхум къыхащIыкI адыгэ шхыныгъуэ.

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Дыжьыныфэ-хужьыфэ гъущIыкIэ быдэ. **5**. Мэзым щыпсэу губгъуэ джэд лъэпкъ. **8**. Лъапщэ зиIэ вакъэ лIэужьыгъуэ. **9**. Адыгэхэр Египетымрэ абы щыпсэу цIыхухэмрэ зэреджэ. **11**. Илъэсым и еплIанэ мазэ. **12**. Псы щта.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***Бадзэуэгъуэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къабзий. **4**. Бу. **5**. Пагэ. **6**. КIуж. **10**. Атэлыкъ. **11**. Нып. **12**. Афэ. **13**. Салъкъын. **14**. Хъуп. **15**. Къузгъун. **17**. Хъун. **18**. Джэмыдэ.

***Къехыу:*** **2**. Алъп. **3**. Игъуэ. **4**. Бжэндэхъу. **7**. Жумэрэн. **8**. КIапсэ. **9**. Гукъанэ. **15**. Къурэ. **16**. Нэд.

## Жэщдэс

Нысашэхэм деж щIалэгъуалэм ящI джэгу-зэхэсщ, джэгуу, джэд къадыгъурэ яшхыжу. Зи джэд ядыгъуам псалъэмакъ ящIыртэкъым, «жэщдэс ящIати ядыгъуащ» жаIэрти.

Нысэр тешэм щыIэху (ирашыжа нэужьи жэщищкIэ) лэгъунэм деж хъыджэбзхэри щIалэхэри щызэхуэсырт, нысащIэри яшэрт, «щауэр къэдгъэкIуэжынукъым нэху щыхукIэ» жаIэрти. Жэщдэсым гъуджэиплъэ щащI хабзэт. Пщыхьэщхьэу зы нэрыбгэ хагъэкIт, нэхъ зэтеубыдауэ, шыIэныгъэ хэлъу. Ар зэмыплъэкIыу псынэм кIуэрти, псы къабзэ къихьырт. Псыр стэчаным иракIэрт, дыщэ Iэлъыныр абы хадзэрт, гъуджэри кIэрагъэувэжт.

Абы къищу жаIэт зышэну щIалэхэр. 1950 гъэхэм, иужькIи ящIу щытащ.

## Лэгъунэ мафIэпэ

НысащIэр пщэфIэным, Iуэху щIэным япэу щрашалIэм деж, бзылъхугъэ нэхъыжьыр хуэлъаIуэрт, жьэгум зэи мафIэр щымыкIуэсэну, къэкIымрэ къалъхумрэ Тхьэм щимыгъэщIэну. Бзылъхугъэм я нэхъыфIым нысащIэу къызэрашэ лъандэрэ лэгъунэ мафIэу хузэщIагъэнар имыгъэкIуасэу зэрихьэрт.

## Нал

ФIыгъуэ, насып, угъурлыгъэ зыпылъу къалъытэ пасэрей дамыгъэщ. Унэ бжэщхьэIум, псом хуэмыдэу сымаджэр зыщIэлъым, шы нал тралъхьэрт, бзаджэнаджэ къримыгъэкIуэлIэну.

Гъуэгу утехьауэ нал къэбгъуэтыныр фIыщ, жаIэрт. ГъущIхэкIыр, шыр угъурлыуэ къэлъытэным, гъэлъэпIэным къыхэкIащ.





# Къуэпсыр быдэмэ, лъэпкъыр лъэщщ

**Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм иджыблагъэ зэхыхьэ дахэ щекlуэкlащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъумрэ, Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ Iэужьым и гъэмрэ хуэгъэпсауэ Инарыкъуей щекIуэкIащ адыгэ фащэм теухуа пшыхь гъэщIэгъуэн. Ар жэрдэм ящIри къызэрагъэпэщащ Щэнхабзэмкlэ унэм и Iэтащхьэ Шэрий Ислъам, къуажэ библиотекэм и унафэщI Джатэжьей Ритэ, Щэнхабзэмкlэ унэм и лэжьакIуэхэу Пщыншэ Маритэрэ Абазэ Дианэрэ.

ЖыпIэнуракъэ, зи гугъу сщIа гупым зэхыхьэ гуапэхэр, щIэблэм ящхьэпэну зэIущIэхэр, тхыгъэрэ макъамэу зэхэухуэна пшыхьхэр щIэх-щIэхыурэ жылэм щрагъэкIуэкI.

Псом хуэмыдэу къуажэдэсхэр щыгуфIыкIащ абы кърагъэблэгъа хьэщIэ лъапIэхэм: КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор, усакIуэ цIэрыIуэ, нэхъыжьыфI ХьэIупэ ДжэбраIил, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, усакIуэ Ацкъан Руслан, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Мэрзей Аслъэнбэч сымэ. Абыхэм яхуэзэу ябгъэдэсын папщIэ къуажэдэс нэхъыжь куэдым зыкърагъэхьэлIат зэIущIэм. Апхуэдэу Iуэху щхьэпэм хэтащ «ЦIыхум и лэжьыгъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэм» и лэжьакIуэ Мэкъуауэ Анетэ, «Зэчий» и фIэщыгъэу, зэфIэкI зиIэхэм къызэрагъэпэща зэгухьэныгъэр зи жэрдэм Шэрий Маринэ сымэ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ хьэщIэгъафIэу къалъытэ къуажэхэм ящыщщ Инарыкъуейр. Абыхэм я Iуэху зехьэкIэм къигъэлъэгъуащ ахэр пасэрей хабзэм нобэми зэрытетыр.

ФIэхъус гуапэрэ хъуэхъубжьэкIэ хьэщIэхэм япежьащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ КIуащ Володэ, егъэджакIуэ Джэрмэншык Хьэжмурат, нэхъыжьыфIхэу Дукъуэ Хьэжбий, Шэрий Тимошэ, Шыдакъ Аслъэнбий, Пщыншэ Хъызыр сымэ, нэгъуэщIхэри.



Щэнхабзэмкlэ унэм и пэIущIэ пэшым пасэрей хьэпшыпхэмрэ тхылъ лъапIэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ екIу щагъэуват.

Пшыхьыр зыхуэгъэпса адыгэ фащэм ехьэлIауэ музейм, къуажэдэсхэм яIэ хьэпшыпхэр, тхылъхэр, архивхэм къыщагъуэтыжа тхыгъэхэр, цIыху цIэрыIуэхэм жаIахэр щыплъагъунут. Лъэпкъ тхыдэм и къигъэхъуапIэр, адыгэм и къежьапIэр здэщыIэр къуажэхэращ. Армырамэ апхуэдиз хуабагъэ щхьэ къапкърыкIрэт а пэшым щыплъагъу хьэпшыпхэм, унэлъащIэхэм. ЧийкIэ хуа бжыхьым фIэдзауэ фIэлът пасэрейхэр махуэ къэс зэрыIэбэу щыта хьэпшыпхэр, бжьын, бжьыныху, нартыху блахэр. Нэрылъагъут къызэгъэпэщакIуэхэм мы Iуэхур егугъуу зэрагъэхьэзырар. Абы иджыри щыхьэт техъуэрт нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри, адыгэ фащэкIэ хуэпауэ утыку къызэрихьар. Гуапэ дыдэт пэшым цIыхур щIэзу къызэрекIуэлIар, ар къуажэдэсхэр зэрызэкъуэтым и щыхьэту къэплъытэ хъунущ.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIахэр лъэпкъ фащэм, абы дуней псом щиубыда увыпIэм, ар зэрызэхэлъ Iыхьэхэм зэпкърыхауэ тепсэлъхьащ. Абыхэм и гугъу ящIащ ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и фIыгъэкIэ ЮНЕСКО-м адыгэхэм ейуэ къызэрилъытар. ЦIыхухъу, цIыхубз фащэхэм япкърылъ пкъыгъуэхэм ягъэзащIэ къалэныр къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ.

ХьэIупэ ДжэбраIил псалъэ щратым, хабзэм, бзэм, гъэсэныгъэм дежкIэ мыпхуэдэ зэхыхьэр зэрыщхьэпэр къыхигъэщащ.

- Дунейр къызэрыхъурэ классикэ жыпхъэм иту фащихщ къахуэгъэщIар. Абыхэм адыгэ фащэр ящыщщ. Лъэпкъ фащэм фIэкIа димыIами, лъэпкъым и цIэр ирилъэпIэну ирикъунт, - жиIащ ХьэIупэм.

Еджэну, щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну, дэнэ щыIэми я къуэпсхэр ящымыгъупщэу псэуну пэшым щIэс ныбжьыщIэ цIыкIухэм, нэхъыжьыфI и хьэлу, ар еущиящ. «Инарыкъуейм и мафIэс» уэрэдымкIэ куэдым къацIыхуа жылэм дэлъ хабзэжьхэм зэрыщыгуфIыкIыр жиIащ къэпсалъэм. Лъэпкъ Iэужьыр яхъумэрэ лъэпкъ лъэужьыр ямыгъэкIуэду иджыри илъэс куэдкIэ жылэр фIэрафIэу псэуну ехъуэхъуащ ХьэIупэр къуажэдэсхэм.

Мэрзей Аслъэнбэч псалъэ щратым и тхылъхэм ящыщ зы къуажэ библиотекэм тыгъэ хуищIащ.

ХьэщIэхэмрэ пшыхьым и зэхэублакIуэхэмрэ псалъэ гуапэкIэ КIуащ Володэ, Гувэжокъуэ ДжэбраIил, Джэрмэншык Хьэжмурат сымэ зыхуагъэзащ. Лъэпкъ фащэм, адыгагъэм, хабзэм теухуауэ абы усэ къыщеджащ къуажэ школым щеджэхэу Шыдакъхэ Дианэрэ Кристинэрэ, Хьэткъут Даянэ, Юлдашевэ Саёрэ, ХьэтIэхъу Имран, Умар Алан, Хъыбий Миланэ, Дадэ Ахьмэд, Хьэщэ Илонэ, Саркисовэ Мариannэ сымэ.

Я уэрэд, къафэ дахэхэмкIэ къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ Тэрч къалэм Сабий гъуазджэхэмкIэ и школым и гъэсакIуэ цIыкIухэм (я егъэджакIуэхэр – Ирыгу ФатIимэт, Абазэ Мадинэ, Къуэн Iэсият сымэщ), «Инарыкъуей и удз гъэгъахэр» гупым, Шэрий Маринэ сымэ.

Джэрмэншык Хьэжмурат къуажэм теухуауэ зэхилъхьа усэм абы къыщеджащ.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIахэм щхьэхуэу я цIэ кърaIуащ мы Iуэхур къызэрагъэпэщын папщIэ мылъкукIэ закъыщIэзыгъэкъуа къуажэдэсхэу КIуащ Володэ, Умар Артур, Шэрийхэ Юрэрэ Анзоррэ, Джатэжьей Аслъэн, Щомахуэ Аслъэн сымэ.

«Къуэпсыр быдэмэ, лъэпкъыр лъэщщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. А къуэпсым и быдагъыр куэдкIэ елъытащ адыгэ къуажэхэм дэлъ хабзэмрэ адыгэбзэмрэ. Псэуныгъэм пыщIа Iуэхухэм зыдезыгъэхьэха цIыхухэм нэхъыщхьэ дыдэр – зэкIэлъыкIуэн, зэрылъагъун зэрыхуейр - яIэщIoxy. Мыпхуэдэ зэхыхьэ гуапэхэм, хуабэхэм ухэта иужькIэщ ар къыщыбгурыIуэр.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Нобэми дэрэжэгъуэ къозыт зэпеуэхэр

**Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм шыгъажэр яфIэфIщ. Нобэми ар зыхалъхьэ зэрыщымыIэр и щыхьэтщ щэбэт кIуам Налшык и ипподромым щекIуэкIа зэпеуэхэр – абыхэм еплъыну цIыху куэд дыдэ кърихьэлIат.**

ШУУЕЙХЭР япэу щIызэпеуа саугъэтыр ягъэуват нэхъапэм ехъулIэныгъэ инхэр иIэу къэралым и ипподромхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа Гонор шым и цIэкIэ. И ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэрэ хъууэ ар Днепропетровск областым къыщищэхури Чёрнэ Речкэ къуажэм щызэхэт «Ленинский путь» колхозым зыIэригъэхьат икIи 1984 гъэм щыщIэдзауэ зэхьэзэхуэ инхэм хигъэтащ. «Пробный», «Летний», «Большой Спринтерский», «Критериум», «Гранит», нэгъуэщI зэпеуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуащ. Абы и ехъулIэныгъэхэм къытезыгъэзэжыфа иджыри къыздэсым



ди республикэм къихъуакъым. Гонор и саугъэтым теухуа зэхьэзэхуэхэр Налшык и шыгъэжапIэм илъэс 30 хъуауэ щокIуэкI икIи ар дэрэжэгъуэ ин къозыт Iуэхугъуэ дахэщ.

Мыгъэрей къызэдэжэм хэтахэм ефIэкIащ Гадисов Щамил и Гражданин шыр. Ар мастер-тренер Къардэн Алик и бом щаIыгъщ, мастер-жокей Къашыргъэ Залым къегъажэ. Илъэсищым щIигъуа шыхэм метр 1200-р къыщызэпачым абы къыпэхъун къахэкIакъым.

Спорт журналистым и дунейпсо махуэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтми хуабжьу ирихэныкъуэкъуащ. Метр 3000 гъуэгуанэм хэт щынэхъ жэрми щызэхагъэкIащ илъэсищ зи ныбжьхэм. Абы пашэныгъэр щиубыдащ Сиди Бой шым. Ар ехъулIэныгъэм хуагъэкIуащ тренер-жокей Мэзыхьэ Хьэчимрэ шууей Биджиев Далимрэ.

Шыгъажэ махуэм и саугъэт нэхъыщхьэм илъэситI зи ныбжь шыхэр къыщызэдэжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, метр 1200-р къызэпызычар шитI къудейщ. Абы щытекIуащ «Iуащхьэмахуэ» шы спорт клубым и Аксессыр. Ар къигъэжащ Каппушев Магомед, мастер-тренерыр Ало Эдуардщ. Зэхьэзэхуэм нэхъыбэ хэтами Аксесс шыр зэрыщытежынум шэч къытезыхьэр мащIэт.

КъыкIэлъыкIуэ шыгъажэр Налшык и ипподромым тхьэмахуэ дэкIмэ щызэхэтынущ. Бадзэуэгъуэм и 17-м абы къызэхуишэсынущ ди щIыналъэм и шы нэхъыфIхэр.

**КЪАУДЫГЪУ Заур.**

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур бадзэуэгъуэм и 13-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. (12+)

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.731 • Заказыр №1391

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Николькэ уэрам, 5-А